# yaw sama baay tëx, waxal: laa ilaaha Illal Laahu, genn kàddu gog dinaala ci mana layal fa Yàlla

Jële nañu ci Sahiid Ibnul Musayyab,mu jële ci baayam mu wax ne: Bi dee dikkalee Abuu Taalib, Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa ñëw fi moom fekk fa Abuu Jahlin, ak Abdullah Ibn Abii Umayyata ibnul Muxiirata, mu ne ko: "yaw sama baay tëx, waxal: laa ilaaha Illal Laahu, genn kàddu gog dinaala ci mana layal fa Yàlla", Abuu Jahlin ak Abdullah Ibn Abii Umayyata ne ko: mo ndax dangay bàyyi diiney Abdul Muttalib, Yonnente bi deñul di ko ko gaaral, ñoom itam ñuy baamtu wax jooju, ba Abuu Taalib mujj a wax ne, maa ngi ci diiney Abdul Muttalib, mu bañ a wax: laa ilaaha illallaah, nee na: Yonnente Yàlla bi daal di wax ne: "giñ naa ci Yàlla ne dinaa la sàkkul njéggal fii ak terewuñu ma ko", Yàlla daal di wàcce laaya jii: {jaaduwul ci Yonnente bi ak ci ñi gëm ñuy jéggalul bokkaalekat yi} [At-Tawba: 113], Yàlla wàcce ci Abuu Taalib, daal di wax Yonnente Yàlla bi ne ko: {yaw de du yaay gindi ku la soob waaye Yàlla mooy gindi ku ko soob} [Al-Xasas: 56].

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa dugg fi baay tëxam ba Abuu Taalib fekk ko muy bëgg a faatu, mu ne ko: Yaw sama baay tëx, waxal "laa ilaaha Illal Laahu", genn kàddu, ma seedeel la ci fa Yàlla, Abuu Jahlin ak Abdullah Ibn Abii Umayyata ne ko: yaw Abuu Taalib, dangay bàyyi sa diiney baay Abdul Muttalib?! Te mooy jaamu ay xërëm, deñuñu di wax ak moom ba la mu leen mujjee wax mooy: maa ngi ci diiney Abdul Muttalib, diiney bokkaale ak jaamu ay xërëm, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: dinaala ñaanal njéggal fii ak sama Boroom terewu ma ko, waxu Yàlla daldi wàcc: {jaaduwul ci Yonnente bi ak ñi gëm ñuy jéggalul bokkaalekat yi donte seeni jegeñaale lañu ginnaaw ba mu leeree ne ñoom ci waa sawara lañu bokk} [At-Tawba: 113], Waxu Yàlla mu kawe mi daal di wàcc ci Abuu Taalib: {yaw de du yaay gindi ku la soob waaye Yàlla mooy gindi ku ko soob te moo xam way-gindiku ñi} [Al-Xasas: 56], Yaw daal du yaay gindi ku la neex, li la war daal mooy jottali dong, Yàlla nag mooy gindi ku ko soob.